

Depatman Sante Virginia ap reponn a yon epidemi maladi menengokoksi nan tout Eta a. Pou w jwenn dènye enfòmasyon yo, vizite [sit entènèt](#) Repons ak Epidemi Menengokoksi a.

Maladi menengokoksi a

Kisa maladi menengokoksi a ye?

Maladi menengokoksi a se yon maladi grav bakteri *Neisseria meningitidis* (yo konnen tou kòm "menengokòk") lakoz. Yon ti pwopòsyon nan moun ki enfekte yo ka devlope yon fòm maladi grav, tankou menenjit (enflamasyon mizek sèvo a ak mwal epinyè a) oswa yon enfeksyon nan san (septisemi).

Ki moun ki konn atrape maladi menengokoksi a?

Nenpòt moun ka atrape maladi menengokoksi, men li pi komen lakay ti bebe, timoun ak adolesan, ak jèn adilt. Lòt moun ki gen gwo risk pou pran l gen ladan yo kontak familyal yon moun yo konnen ki te gen maladi sa, moun ki gen sistèm iminitè fèb (egzanp, moun ki gen VIH oswa moun ki pa gen yon rat), moun nan anviwònman kominotè (egzanp, kanpous fakilte yo), ak moun ki vwayaje nan sèten pati nan mond lan kote menenjit a menengokòk la pi komen.

Ki jan maladi menengokoksi a gaye?

Bakteri *Neisseria meningitidis* yo gaye de yon moun a yon lòt moun atravè echanj respiratwa ak sekresyon nan gòj. Yon moun ki enfekte ka gaye bakteri yo lè li touse oswa estènen dirèkteman nan figi lòt moun, bo yon moun sou bouch, oswa pataje tas, boutèy dlo, veso manje, sigarèt, vapè, wouj a lèw oubyen bwòs a dan. Bakteri a pa pwopaje pa kontak senp oswa pa senp respirasyon lè kote yon moun ki gen maladi a te ye.

Ki sentòm maladi menengokòk la genyen?

Sentòm yo depann de ki kote enfeksyon an lokalize. Yon aparasyon toudenkou lafyè, maltèt, kou rèd, sansibilite ak limyè, konfizyon, noze, ak vomi karakterize Meningococcal meningitis. Lakay tibebe ak timoun ki nan tete, sentòm sa yo ka absan oswa difisil pou remake. Tibebe a ka parèt lan oubyen inaktif, iritab, vomi oubyen alimante mal. Yon fòm menengokoksi mwen kouran ak pi grav se septisemi a menengokòk. Sentòm septisemi menengokòk la gen ladan l fatig, vomisman, men ak pye frèt, frison, doulè grav nan misk, jwenti, pwatrin oswa vant, respirasyon rapid, dyare, ak yon pil ti bouton sou po vyolèt fonce, mawon oubyen nwa.

Ki jan yo dyagnostike maladi menengokòk la?

Tès laboratwa sou echantyon san oswa likid sefalo-rachidyen nesèsè pou konfime dyagnostik la.

Ki tretman ki pou maladi menengokòk la?

Maladi menengokòk la mande yon tretman imedya avèk antibyotik. Tou depan de ki jan enfeksyon an grav, lòt tretman kapab petèt nesèsè tou, tankou sipò pou respire, medikaman pou trete tansyon ki ba, ak swen blesi pou pati nan kò a ki gen po andomaje.

Ki jan yo ka fè prevansyon kont maladi menengokòk la?

Vaksen yo disponib pou bakteri ki lakòz maladi menengokòk la. Kenbe ajou divès vaksinasyon yo rekòmande se pi bon defans kont maladi a. Tretman prevantif avèk antibyotik pou manm fanmi yo, kolokatè yo oubyen nenpòt moun ki an kontak dirèk avèk sekresyon oral yon pasyan (saliv oswa krache) ka diminye risk enfeksyon. Bon ijyèn ka diminye risk enfeksyon tankou, lave men, kouvri nen ak bouch lè etènye oswa touse, epi pa pataje sigarèt, vap, wouj a lè, chalimo, tas bwason, bwòs dan, oswa veso manje.

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou maladi menengokòk?

- Si ou gen enkyetid sou maladi menengokòk la, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele departman sante lokal ou a. Yon repètwa departman sante lokal ki sitiye nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sitwèb Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi nan <http://www.cdc.gov/meningococcal/index.html>.